

## Lexique de Pathologie

©Prof. Paolo Bellavite -IUSS-Université de Ngozi -Version Mai 2019

Note : La version en français est celle que doit être étudiée. La version en Kirundi serve pour apprendre à communiquer avec les malades qui ne parlent français. Elle a été vérifiée le mieux possible et est offerte aux étudiants comme aide à la préparation, cependant elle n'a pas valeur de traduction officielle.

Termes	Signification
<b>Abcès</b>	Inflammation aiguë purulente localisée ; amas de pus qui se développe dans les tissus de l'organisme (peau ou organes : foie, poumons, cerveau, etc.)
<b>Igihute</b>	Akavyimba kiyadukiza ku mubiri kakazamwo amashira yiremarema akagwiririrana mu bice bitandukanye vy'umubiri (ku rukoba canke mu bihimba nk'igitigu, amahaha, ubwonko n'ibindi)
<b>Achondroplasie</b>	Maladie héréditaire du cartilage de conjugaison et la cause majeure du nanisme. Habituellement est due à une mutation ponctuelle dans le gène qui code pour le récepteur du FGF qui inhibe la prolifération normale : pour la mutation le récepteur est en état de constante activation.  Ni ingwara y'uruhererekane rwo mu miryango ifatira mw'iteranirizo ry'ingingo z'amagufa ikaba inkomoko nyamukuru y'ubukuri. Mubisanzwe iyo ngwara ituruka ku guhinduka kw'inyubako mu ndangaburanga ikorana n'akagirizo ka FGF kabangamira ugukura nyakwo : muri ukwo guhinduka akagirizo kaba kari mu gihe cako co gukora.
<b>Acné</b>	Terme générique désignant un groupe d'affections variées ayant en commun l'atteinte des follicules pilosébacées, fréquent dans les jeunes
<b>Uduhere</b>	Ijambo muri rusangi ryerekana akagwi k'ingwara zitandukanye zifata udutoboro two ku mubiri turimwo ubwoya. Ibangamira cane cane urwaruka.
<b>Adénite</b>	Renflement des ganglions lymphatiques, qui deviennent rouges et douloureux à l'occasion d'une infection
<b>Ingwara y'isumbi</b>	Kuvyimba kw'amasumbi ari mu mubiri agatukura, akababara, biturutse kubwandu.
<b>Adénome</b>	Tumeur bénigne qui parasite une glande  Ni ikivyimba kitababaza gifata agahimba ko mu mubiri gatunganya bimwe mu bigize ubuzima bw'umubiri w'umuntu
<b>Adénocarcinome</b>	Tumeur maligne qui parasite une glande  Ni ikivyimba gikaze cane gifata agahimba gatunganya bimwe mu bigize ubuzima bw'umubiri w'umuntu
<b>Allergie</b>	Réaction d'hypersensibilité faisant suite au contact avec une substance qui normalement n'est pas dangereuse ou l'utilisation d'une substance, ou l'ingestion d'un aliment. Le mécanisme plus important est lié à l'excès d'IgE. Parmi les allergies: l'asthme, l'eczéma, l'urticaire, le choc anaphylactique. Peut venir contre les médicaments.
<b>Guhurigwa</b>	Ihindagurika ridasanzwe ry'umubiri canke ryo mu mubiri ritegwa n'ikintu cagukozeko mubisanzwe kiba kidakaze, canke ico uba wakoresheje canke uba wafunguye. Uburyo bukomeye bw'iryo hurigwa bufatiye ku bwinshi bw'abasoda b'umubiri b'ubwoko E. Muri ayo mahurigwa hariho : hasima, uruherehere rwo kurukoba, guhendwa n'imiti be n'ibiturika vyo ku mubiri.
<b>Amibe</b>	Parasite qui touche surtout l'intestin, et est transmis par l'eau non potable et les aliments souillés. Peut donner abcès hépatique et cérébrale.  Ni agakoko gakunda gufatira mu mara, gakwirakwizwa n'amazi mabi tunywa, canke ku mfungurwa zidasukuye neza. Gashobora gutera akavyimba ko mu gitigu canke ko mu bwonko.
<b>Amibiase</b>	Infections par les amibes, avec troubles digestifs et possible complications au foie et au cerveau  Ubwandu bwa amibe bwerekanwa n'uguhungabana kw'amara kandi iyo ngwara ishobora kugira ingaruka mbi zikomeye ku gitigu no ku bwonko.
<b>Amygdalite</b>	Inflammation des amygdales palatines
<b>Ibigoga</b>	Ubuyimbe, ububabare, ugutukura mu magage
<b>Anaphylaxie</b>	Forme de hypersensibilité de type immédiat médiée par les IgE, qui au second contact avec l'antigène provoquent la dégranulation des basophiles et/ou des mastocytes et la libération de substances vaso-actives <b>En peu de mots:</b> allergie sévère et rapide.  Ni ubwoko bwo guhurirwa bwibonekaza vuba na vuba bidaturutse ku basirikare b'umubiri bo mu bwoko E, ariko iyo ubwo bwoko bwo guhurirwa busubiye guhura n'akantu kari kabuteye mu mubiri bituma uturemangingo turekura imisemburo imeze nk'udutete igatuma haba ugukaburwa kw'udutsi dutoduto. <b>Mumajambo make:</b> Guhurirwa vyihuse kandi birenze urugero
<b>Anaplasie</b>	Etat d'un processus néoplasique (habituellement malin) dont l'architecture et la cytologie sont très éloignées de cellules du tissu qui lui a donné naissance  Ni igihe c'urukurikirane rw'ihindagurika ry'utremangingo aho usanga inyubako yatwo itandukanye cane n'utremangingo twakomotseko.
<b>Anasarque</b>	Cedème généralisé du tissu sous cutané avec épanchements transsudatifs dans les cavités séreuses  Kuvyimba umubiri wose bitewe n'amazi yiyegegeraniriza musu y'urukoba mu bice bitandukanye vy'umubiri.
<b>Anémie</b>	Diminution de globules rouges et/ ou d'hémoglobine dans le sang. Se détecte par l'analyse sanguine, et par une pâleur anormale de la face et des ongles

<b>Ugukama amaraso</b>	Igabanuka ry'utaremangingo turi mu maraso canke ry'utugega dutwara impwemu. Iyo ndwara isuzumirwa mu maraso canke ikerekanwa n'ukweruruka mu maso hamwe no mu nzara.
<b>Aneurisme</b>	Renflement, dilatation vasculaire circonscrit remplie de sang Ubuvyimbe, ubwaguke bw'impera y'imitsi bitewe n'ukwuzura amaraso.
<b>Angiome</b>	Tumeur des vaisseaux malformative (congénital) ou acquise Ni ikivyimba c'udutsi dutoduto umuntu ashobora kuvukana canke akacandura akuze.
<b>Anorexie</b>	Perte d'appétit chronique
<b>Ukubura akayabagu</b>	Kubura akayabagu kwo gufungura vy'igihe kirekire.
<b>Antibactérien</b>	Produit exerçant une action nocive sur les bactéries. Il peut être bactéricide ou bactériostatique Ni umuti ukoreshwa nk'ubumara ku dukoko dutera indwara. Ushobora kutwica canke ukaduca intege.
<b>Antibiotique</b>	Substance issue de micro-organismes (actuellement aussi semi-synthétique ou synthétique) et susceptible d'entraver la multiplication de certaines bactéries ou de les détruire Umuti ukozwe mu tunyabuzima dutoduto ukaba ufasha mukugabanya igwirirana ry'udukoko tumwe tumwe dutera indwara canke ugafasha mu kutwica.
<b>Anticorps</b>	Substance spécifique et défensive, de nature protéique, engendrée dans l'organisme par l'introduction d'un antigène, avec lequel elle se combine pour en neutraliser l'effet toxique, pour activer la phagocytose ou le complément
<b>Abasoda b'umubiri</b>	Ni utuntu two mu bwoko bw'indemamubiri turi mumubiri dushinzwe kugwanira umubiri, tuzanwa n'uko hinjiye akagingo umubiri utamenyereye, utwo tuntu twabigenewe tuza guhura n'ako kagingo gashasha kinjiye mumubiri tukagwanya ubukana bw'ako maze bigakabura ubuhinga utaremangingo dukingira umubiri dukoresha mu kwica ikiwuteye
<b>Antigène</b>	Substance qui peut engendrer des anticorps et se combiner avec eux Ni akagingo iyo kinjiye mu mubiri kawusunikira kurekura abasoda bo kuwurwanira
<b>Aplasia</b>	Absence complète d'un organe par suite du défaut de développement de son ébauche ou par suite de l'arrêt de croissance et apoptose
<b>Kubura igihimba c'umubiri</b>	Kubura burundu urugingo rw'umubiri bivuye k'ubumuga mw'iremwa ry'urwo rugingo canke bitewe n'ihagarara ryogukura kw'urwo rugingo canke gupfa kw'utaremangingo tugize urwo rugingo.
<b>Apoptose</b>	Type particulier de mort cellulaire; elle est un suicide cellulaire actif (mort programmée) avec l'activation d'une série d'étapes coordonnées, déclenchées par un certain nombre de gènes spécialement affectés à cette tâche Gupfa kw'agapande Urupfu rutangaje rw'akaremangingo rutewe n'ikaburwa ry'uduhimba mpererekanwa mu mubiri dushinzwe ico gikorwa.
<b>Appendicite aigüe</b>	Inflammation de l'appendice caractérisée par une douleur brutale et violente siégeant à l'abdomen au-dessus de l'aîne droite et s'accompagnant de troubles digestifs et fièvre Ubuvyimbe, ububabare, ugutukura kw'agasaho kakira imicafu kurangwa n'ububabare bwinshi buza bukwi na bukwi munda hejuru gato y'itako ry'iburyo hagakurikira kubabara mu nda n'ubushuhe bwinshi.
<b>Artériosclérose</b>	Etat pathologique lié à un épaississement de la tunique interne et un durcissement progressif des artères
<b>Iziba ry'imitsi ya artères</b>	Imitsi ya artères iba iagumaraye ikagira intibatimba nini ; iziba rya artères ribuzwa amaraso ayicamwo. Inkurikizi : zirahambaye ; urupfu rw'umutima ; kuviriranira mu bwonko ; amaraso biranka ko atembera mu maguru ; igabanuka ry'ikora ry'amapfyo ; umurwayi abona nabi. Irenze urugero, ubusaza na diabète bituma indwara ya artériosclérose
<b>Arthrite</b>	Inflammation aigüe d'une articulation, pouvant la détruire totalement. Causes principales: dépôt d'acide urique (goutte), dépôt de calcium (chondrocalcinose), infections, dis immunit
<b>Ubuvyimbe bw'ingingo z'amagufa</b>	Ubuvyimbe, ububabare, ugutukura mu ngingo z'umubiri igashobora kuzisambura. Ahanini iterwa no kwirundanya k'ubucafu buvuye mu mukoyi canke mu mwanda mukuru canke n'izindi ngwara.
<b>Arthrose</b>	Inflammation chronique des articulations des personnes âgées, pouvant les détruire où déformer
<b>Imugara ry'ingingo z'amagufa</b>	Ubisanga cane cane ku bantu bakuze: ingingo z'amagufa zagoramye.
<b>Ascite</b>	Épanchement liquidien dans la cavité péritonéale
<b>Urusina</b>	Ukwireka kw'amazi mu gasaho gakikije ibihimba vyo mu nda
<b>Asphyxie</b>	Manque d'oxygène dans l'air ou dans le poumon, suffocation
<b>Kubura impwemu</b>	Ni ukubura impwemu mukirere canke mu mahaha ; kugira ikibazo gikomeye cane mu guhema
<b>Asthénie</b>	Faiblesse et inaptitude à l'effort, perte de force et d'énergie
<b>Uburuhe budasanze</b>	Intege nke no kudendebukirwa, kubura inguvu
<b>Asthme</b>	Obstruction réversible des voies respiratoires, souvent associée à l'inflammation, qui répondent trop fortement à divers stimuli
<b>Agaseme/Hasima</b>	Ukuziba vy'agateganyo kw'inzira zicamwo impwemu akenshi bifatanye n'ingwara bitumwe n'impamvu nyishi
<b>Athérosclérose</b>	Est un type d'artériosclérose : Inflammation chronique dans la paroi des artères déclenchée par un dommage à l'endothélium. À partir de l'intima artérielle, la lésion va à former une plaque fibreuse contenant aussi des dépôts de cholestérol

	Ni iziba ry'imitsi nsozamaraso
<b>Atrophie</b>	Toutes les conditions caractérisées par une diminution de la taille d'un organe ou d'un tissu et c'est pourquoi il peut être synonyme d'hypotrophie et d'hypoplasie
	Igabanuka ry'igihimba c'umubiri bivuye kw'ihagarara ry'ifungurirwa ry'ico gihimba
<b>Autolyse</b>	Dégradation ou digestion ou /détruction? des cellules sous l'action des enzymes protéolytiques endocellulaires
	Ni itituka canke ugupfa kw'uturemangingo tw'umubiri bitewe n'ibindi bintu vyinjiye mu mubiri kandi vyategerezwa kuwuranira
<b>Autopsie</b>	Examen du cadavre pour découvrir les causes de la mort
	Igipimo bakora ku muntu yaphuye kugira barabe icamwishe
<b>Biopsie</b>	Prélèvement, in vivo, d'un fragment d'organe dans le but de le soumettre à un examen histologique
	Ni ugufata agace k'igihimba c'umubiri kugira bakagireko ipimo bitandukanye
<b>Blépharite</b>	Inflammation de la paupière
	Ubuvyimbe, ububabare, ugutukura kw'ibigohegohe
<b>Bosse</b>	Tuméfaction formée par un exsudat séreux sous-cutané, due au traumatisme. Le b. séro-sanguine est observé souvent chez le nouveau-né au niveau de la région du corps constituant la présentation (v. aussi céphalématome).
<b>Igipufuri</b>	Ni ukuyimba ku gihimba c'umwana catanguye gusohoka ariko aravuka mugihe vyameze nk'ibigorana.
<b>Bouton</b>	Terme familier désignant une excroissance en saillie sur le tégument, mais ne répondant à aucune classification dermatologique précise. « B. du désert »: lésion cutanée de cause indéterminée, souvent ulcérée, débutant avec une vésicule douloureuse.
<b>Ihere</b>	Ni ijambo rimenyerewe risigura akantu gakura kakarenga ku buringanire bw'urukoba ariko katagira umugwi nyezina w'indwara z'urukoba kabarizwamwo. Ni ubugwayi bwo ku rukoba butagira inkomoko izwi neza, kenshi na kenshi buryana, butangurana n'akantu kameze nk'agasaho kababaza.
<b>Brûlure</b>	Destruction partielle ou totale pouvant concerner la peau, les parties molles des tissus, ou même les os. Une brûlure peut être causée par le contact avec une source chaude, avec une substance dite caustique, par l'effet d'un rayonnement
<b>Ubushe</b>	Ugutabagurika rw'agace gato canke kanini k'urukoba, kw'inyama canke amagufa. Ubushe bushobora guterwa no gukora kukintu gishushe, ikintu kirimwo uburozi (acide) canke biciye ku mishwarara.
<b>Cachexie</b>	(gr. Kakos : mauvais ; exis : constitution) État caractérisé par une maigreur extrême secondaire à une insuffisance d'apport alimentaire ou à une affection pathologique (cancer, SIDA)
<b>Kwonda bidasanzwe</b>	Ni ukugabanuka ibiro biteye ubwoba bivuye ku gufungura ingaburo zidakwiye canke bivuye ku ndwara zitandukanye nka kanseri canke umugera wa sida.
<b>Calcification</b>	Durcissement d'une artère, d'une articulation, d'une valve cardiaque, pour déposition pathologique du calcium
	Kudadarara kw'imitsi nsozamaraso canke ingingo canke mu mutima bivuye kukwirundanya kw'icunyunyu karisiyumu (calcium)
<b>Calcul</b>	Concrétion solide qui se forme accidentellement dans un canal ou dans les voies excrétrices d'une glande
<b>Amabuye</b>	Ukwirema giturumbuka kw'utubuye tugumye mu muhora canke mu bihimba vy'isohorero.
<b>Cancer</b>	Prolifération anormale, maligne, des cellules
<b>Cancer (ibivyimba bidakira)</b>	Igwirirana ridasanzwe ry'uturemangingo tubi kumubiri.
<b>Carie</b>	Maladie dégénérative des tissus durs de la dent (émail, dentine), provoquant leur destruction et inflammation de la pulpe
<b>Indwara y'amenyo</b>	Ni indwara ifata ibice bigumye vy'iryinyo, igatera gutoboka kwavyo, no kugwara kw'igice c'iryinyo ryoroshe.
<b>Caséification</b>	(Lat. caseus : fromage) Type de nécrose aboutissant à la formation de caséum, substance blanchâtre ou jaunâtre homogène acidophile, spécifique de l'inflammation tuberculeuse
	Ubwoko bwo kubora bushobora gutera ibintu vyera canke bisa n'umuhondo vyirebanga biranga indwara y'igituntu.
<b>Cataracte</b>	Dégénérescence congénitale ou acquise du cristallin avec perte de transparence (opacité)
<b>Uruhumi</b>	Ni indwara ifata imbonero y'ijisho umuntu ashobora kuvukana canke kwandura bigatera ukutabona neza mbere bishobora kumuviramwo guhuma burundu.
<b>Catarrhe</b>	Inflammation des muqueuses rhinopharyngées s'accompagnant d'hypersécrétion
<b>Ibicurane</b>	Ni ingwara y'inyama zo mu mazuru no mu muhogo irangwa n'ukwisukira kw'ibiseru.
<b>Cellules épithélioïdes</b>	Macrophages activés et caractérisés de l'aspect morphologique de leur agrégat semblable à un tissu épithélial
	N'uturemangingo turya utundi canke tuboneka ku gace k'umubiri kagwaye.
<b>Cellules géantes</b>	Cellules à la périphérie ou au centre des granulomes, faites d'un vaste cytoplasme contenant 20 noyaux, ou plus encore, arrangés en périphérie (cellules géantes de « type Langhans ») ou de façon désordonnée (cellules géantes « à corps étrangers »).
	N'uturemangingo two ku mpera canke hagati mu bivyimba tugizwe n'igice kinini c'amazi arimwo utubuto

	mirongo ibiri (20 noyaux) canke turenga tunyanyagiye ku mpera.
<b>Cellules staminales</b>	Toutes les cellules non complètement différenciées qui ont la capacité de se multiplier et de compléter la différenciation
	N'uturamangingo twose tutarigaragaza neza dufise ubushobozi bwo kwigwiza no kwigaragaza.
<b>Charbon</b>	Substance produite par la combustion du bois et d'autres substances organiques (cigarette), qui peut s'accumuler dans le poumon (anthracose)
<b>Amakara</b>	Ni ibintu bituruka kw'icanwa ry'inkwi canke ku bindi bintu (nk'itabi), bishobora kwiyegekaniriza mu mahaha.
<b>Charbon</b>	Toxi-infection contagieuse inoculable à l'homme et aux animaux, déterminée par <i>Bacteridium anthracis</i> (aspect sec et noirâtre de la pustule charbonneuse)
	Ni indwara yandukira abantu n'ibikoko iterwa n'agakoko ( <i>bacteridium anthracis</i> ). (irangwa no kwuma hamwe no kwiraburanirwa ku rukoba)
<b>Chéloïde</b>	Cicatrice volumineuse et inesthétique, ou bourrelet de la peau au niveau de la cicatrice, survenant de façon imprévisible notamment après une opération chirurgicale ou brûlures
<b>Inkovu nini cane</b>	Ni inkovu nini iboneka nabi iza mu buryo umuntu atiteze na cane cane mu gihe umuntu yabazwe canke yahiye.
<b>Choc</b>	Syndrome clinique traduisant une insuffisance circulatoire aiguë, aboutissant rapidement à une anoxie cellulaire, lésions diffusées (intestine, rein, foie) et une réaction inflammatoire généralisée (danger de cercle vicieux). Les principaux signes et symptômes sont : hypotension, asthénie, refroidissement des extrémités, hypothermie, oligurie, pouls petit et rapide, présence des marqueurs de nécrose dans le plasma, coagulation intra vasculaire, détresse respiratoire, cyanose.
	Ni ubugwayi burangwa n'uko amaraso atariko aratembera neza, bigatuma uturamangingo tubura impwemu ku buryo bwihuse, ibihimba vyinshi (nk'insogi, amafyigo, igitigu) bikononekara mbere ubwo bugwayi bukanakwira umubiri wose. Ibimenyetso nyamukuru vy'ubwo bugwayi ni: umurindi muke w'amaraso, uburuhe budasanzwe umubiri wose, gukanya ku bice vy'impera z'umubiri, ubushuhe buke mu mubiri, kugira umukoyo muke, ihindagurika ry'itera ry'umutima, ibimenyetso vyo kubora mu gice kigize amaraso, kuvuriranira mu mitsi kw'amaraso, guhema nabi hamwe no guhinduka kw'ibara ry'urukoba
<b>Cicatrice</b>	Tissu fibreux ou sclérotique constitué de fibroblastes fusiformes associés au collagène dense, privé de vaisseaux et de cellules inflammatoires et pauvre en eau
<b>Inkovu</b>	Ni ikimenyetso gisigara aho umuntu yigeze gukomereka.
<b>Cirrhose</b>	Maladie du foie, avec augmentation de connectif, des granulations d'un jaune roux, d'origine graisseuse. Les principales causes sont les infections virales, les intoxications et l'alcoolisme
<b>Ubuvyimba bw'intakira bw'igitigu</b>	Ni indwara y'igitigu iterwa n'imigera imwimwe be no kunwa inzoga.
<b>Claudication</b>	Diminution du périmètre de marche. Les causes en sont multiples : raccourcissement d'un membre inférieur, ankylose, paralysie totale ou partielle d'un membre inférieur ou du rachis, ischémie. Le terme de claudication intermittente désigne une douleur ou une faiblesse musculaire survenant lors de la marche et imposant l'arrêt de l'effort
<b>Ubwoko bw'ubumuga</b>	Ni ukugabanuka kw'ubushobozi bwo gutambuka. Ibituma ni vyinshi : ukwituna kw'ukuguru, ukudadarara bukebuke canke burundu kw'ukuguru canke kw'uruti rw'umugongo, amaraso adashika mubihimba vyose vy'umubiri.
<b>Coagulation</b>	Fait de coaguler, de transformer une substance organique liquide en une masse solide. Plus spécifiquement : transformation du plasma sanguin en un caillot de fibrine.
<b>Ukuvura</b>	Uguhinduka kw'ibintu bitemba nk'amazi bikaguma. Bikunda gushika ku maraso akavura akaguma gose.
<b>Comédon</b>	Hyperplasie du follicule pilosébacé, dont les parois sont entourées par une hyperkératose lamellaire, l'orifice externe apparaissant comme un « point noir » (oxydation de la kératine)
	Ukwongerekana kw'utunyangingo tw'umubiri bituma udutoboro umubiri uhemeramwo tuziba. Ivyo bigatuma ku mubiri haza utuburungu twirabura.
<b>Condylome acuminé</b>	Maladie sexuellement transmissible siégeant sur les organes génitaux (papillomavirus), avec formation des végétations cutanée
	Ni indwara yandukira biciye mu mibonano mpuza bitsina maze ikabangamira cane ibihimba vyirondoka ariko kandi igashobora no kuba inkomoko y'indwara zo ku rukoba.
<b>Colique</b>	Douleur abdominale dynamique qui naît brusquement et dont l'intensité ondulante est entrecoupée de sédations plus ou moins complètes et de paroxysmes. Il est dû à la contraction spasmodique du muscle lisse viscérale
	Ni ububabare bwo mu nda buza giturumbuka buturuka cane cane ku kwiyegekanirwa kw'innyama zigize ibihimba biri imbere mu nda.
<b>Colite</b>	Inflammation du côlon
<b>Indwara y'amara</b>	Ubuvyimbe, ububabare, ugutukura kw'urura runini.
<b>Complément</b>	Un système de protéines du sérum, faisant partie de l'immunité innée. Ces protéines sont impliquées dans les mécanismes d'élimination des pathogènes et dans l'inflammaton. Il y a trois voies biochimiques qui activent le système du complément : la voie classique du complément, la voie alterne du complément et la voie des lectines.

	Ni uburyo nsanganyangaburo ziri mu maraso zigira uruhara mu kugwanira umubiri. Izo nsanganyangaburo zitabazwa cane cane mu buhinga bwo gusohora udukoko dutera indwara be no mu kugabanya ububabare. Hari inzira zitatu zifashishwa mugukabura izo nyongera.
<b>Congénital</b>	Présent à la naissance
<b>Mvukanwa</b>	Ni icibonekeza kuva umuntu akivuka.
<b>Congestion</b>	Le sang augmente dans le compartiment veineux (capillaires, veinules et veines) qui est dilaté, la circulation est lente, le sang est bleu-rouge (cyanosée) dû à une accumulation d'hémoglobine réduite. Elle peut survenir de façon généralisée, comme lors d'une insuffisance cardiaque, ou rester localisée, à la suite d'une obstruction veineuse.
	Igwirirana ry'amaraso mu mitsi nsozamaraso ikavyimba bigatuma amaraso atembera bukebuke agahindura ibara agasa n'ubururu biturutse kw'igabanuka ry'uduce dutwara impwemu mu maraso. Ivyo bishobora gushika mu mubiri wose nko mu gihe umuntu afise ikibazo c'umutima canke bigashika kubihimba bimwe bimwe vy'umubiri biturutse kw'iziba ry'imitsi nsozamaraso.
<b>Conjonctivite</b>	Inflammation de la conjonctive (surface de l'œil)
	Ubuvyimbe, ububabare, ugutukura mu gihimba gipfuka iryisho.
<b>Coqueluche</b>	Maladie infectieuse, contagieuse due à <i>Bordetella pertussis</i> et caractérisée par des quintes de toux spasmodique. La toxine de la p. est capable de bloquer les systèmes des récepteurs cellulaires
<b>Inkorora y'akanira</b>	Ni indwara yandukira itewe n'umugera wa ( <i>Bordetella pertussis</i> ) utuma umuntu agira inkorora idacika. Ubumara bw'uwo mugera burashobora guhagarika uburyo bwo guhererekana bw'utremangingo.
<b>Cyanose</b>	Coloration bleutée de la peau, des muqueuses, et du tissu conjonctif due à la présence dans le sang artériel de beaucoup d'hémoglobine réduite (sans oxygène)
<b>Ugusa n'ubururu kw'urukoba</b>	Uguhinduka kw'ibara ry'urukoba rugashaka gusa n'ubururu bivanye n'igabanuka ry'impwemu mu maraso yagaganutse mu mubiri.
<b>Cystite</b>	Inflammation de la muqueuse vésicale
<b>Ikakama ry'uruhago</b>	Indwara z'imigera zitera mu timbatimba y'uruhago
<b>Cytotoxique</b>	Toxique pour la cellule
	Igishobora kubangamira utremangingo.
<b>Décubitus</b>	Attitude du corps reposant à plat sur un plan horizontal : d. dorsal, ventral, ou latéral. Dans les malades il peut provoquer les plaies de décubitus (escarre)
<b>Uburyo bwo ku kuryama</b>	Ni ubushobozi bw'umubiri bwo kuryama: nko kuryamira umugongo, kuryamira imbavu canke kuryamira inda. Mu bagwayi, kuryamira uruhande rumwe birashobora gutera ibikomere.
<b>Dégénérescence</b>	Processus pathologique fondamental de la perte d'intégrité de la cellule
	Ni uguhindagurika kw'akaremangingo k'umubiri biturutse ku gutakaza ubushobozi kari gafise canke uko kari gasanzwe gakora.
<b>Diabète insipide</b>	Type de diabète dû à un déficit en hormone antidiurétique (vasopressine) qui maintient constante la quantité d'eau dans le corps
<b>Ubundi bwoko bw'igisukari</b>	Ni ubwoko bw'ingwara y'igisukari iterwa n'ukubura umusemburo (vasopressine) ituma urugero rw'amazi yo mu mubiri rudahindagurika.
<b>Diabète sucré</b>	Perturbation de la régulation des sucres de l'organisme par l' <i>insuline</i> et augmentation du glucose dans le sang, et éventuellement sa présence dans les urines. Existe sous deux formes : 1) le diabète insulino-dépendant, qui nécessite des injections d' <i>insuline</i> , 2) le diabète non insulino-dépendant, soignable par des hypoglycémiantes oraux
<b>Indwara y'isukari</b>	Ni ihungabana ry'urugero rw'isukari mu mubiri bitewe n'umusemuro «insuline» canke kwongerekana kw'isukari mu maraso mugihe yibonekeza no mu m'ukoyo
<b>Diagnostic</b>	Action de déterminer une maladie d'après ses symptômes et les analyses du laboratoire, les radiographies, etc.
<b>Isuzuma</b>	Ni itorwa ry'ingwara umuntu agwaye ufatiye ku bimenyetso hamwe n'inyishu z'ipimo vy'ahasuzumirwa indwara (laboratoire)
<b>Diarrhée</b>	Évacuation fréquente de matières alvines liquides
<b>Gucibwamwo</b>	Ni kuja ku mwanda mukuru kenshi cane kandi ugasohoka ibintu vyoroshe.
<b>Drépanocytose (anémie à cellules falciformes)</b>	Hémoglobinopathie génotypique (propre à la race noire) responsable d'une anémie hémolytique et caractérisée par l'existence de hémoglobines (mutation glu <sup>6</sup> val)
	Ni indwara y'akaronda (urukurikirane rw'imiryango imwe) cane cane mubirabure, ituma umuntu akama amaraso.
<b>Dyslipidémie</b>	Altération quantitative et qualitative des lipoprotéines du sang. Les hypercholestérolémies augmentent le risque d'artériosclérose
	Ni uguhindagurika kw'imfungurwa ndemamubiri-nsanganyangaburo mu maraso mu bwinshi canke mu bwiza. Igwirirana ryazo rishobora gutuma haba ukwaguka no kudadarara kw'imitsi nsozamaraso.
<b>Dysplasie</b>	Croissance désordonnée. Un tissu dysplasique présente une disparition de l'uniformité cellulaire (atypie cytologique) et une désorganisation de l'architecture
	Ni igihe akaremangingo katariko gakura ku rugero rwiza. Urugero rwubatswe n'utwo turemangingo tutakuzwe neza, ruratakaza akaranga karwo hamwe n'inyubako yarwo.



<b>Dyspnée</b>	Perception consciente d'une difficulté respiratoire
<b>Guhema nabi</b>	Ni uguhema bigoranye.
<b>Eau oxygénée</b>	H2O2 - Antiseptique oxydant utilisé en solution peu concentrée dans le nettoyage des plaies. Il est produit aussi par les phagocytes comme un agent bactéricide dépendant de l'oxygène Ni amazi yongewemwo impwemu nziza akoreshwa mukwoza no kuvura bikomere. Ayo mazi nyene ashobora guhingurwa n'uturamangingo tujewe gucungera umubiri kugirango yice udukoko dukenera izo mpwemu mu kubaho.
<b>Ecchymose</b>	Infiltration de sang dans la peau et les muqueuses, pouvant survenir après un traumatisme ou spontanément. Communément appelé "bleu" Ni igihe amaraso aje ava mu mitsi itwara amaraso akaja mu rukoba rugaca ruhindura ibara. Bishobora kwiyadukiza canke bigaterwa no kubabazwa kw'umubiri.
<b>Embolie</b>	Présence du matériel étranger circulant dans le courant sanguin. Plus généralement, oblitération brusque d'un vaisseau par un caillot sanguin, ou de microbes, de cellules cancéreuses, de graisse, de bulles de gaz, ou autre Ni igihe habaye ukudatembera neza kw'amaraso mu mubiri ivyo navyo bigaturuka ku kintu kiba cinjiye mu mutsi kivuye hanze yawo canke iyo habaye ikindi kibazo gituma amaraso avuriranira mu mitsi.
<b>Emphysème</b>	Maladie des poumons, avec dilatation de la cage thoracique et difficultés respiratoires, il est due à la destruction du tissu conjonctif et élastique. Origine : tabagisme, maladie génétique (manque d'inhibiteurs des protéases), inhalation de substances toxiques, radicaux libres
<b>Kuvyimba igikiriza</b>	Ni ingwara y'amahaha ituma igikiriza kivyimba bigashika mbere naho umuntu aheba bigoranye, iterwa n'iyononekara ry'urugingo rukweguka rugize amahaha.kenshi biterwa no kunywa itabi.
<b>Empyème</b>	Amas de pus (dans une cavité naturelle) Ni ikimamara c'amashira (nk'akarorero mu gutwi)
<b>Encéphalite</b>	Inflammation de l'encéphale Ubuvyimbe, ububabare, ugutukura kw'igihimba c'ubwonko (encephale).
<b>Endogène</b>	Qui est dû à des causes internes Ni ikintu gifise inkomoko imbere mu mubiri.
<b>Enflure</b>	Renflement. Si de liquid c'est oedème
<b>Kuvyimba</b>	Ukuvyimba bidasanze kw'urugingo.
<b>Énergie</b>	Capacité de faire un travail. Grandeur physique scalaire susceptible de se transformer en travail ou en chaleur
<b>Inguvu</b>	Ni ubushobozi bwo gukora.
<b>Énergie vitale</b>	Énergie potentielle qui réside et circule dans tout être vivant et dont la perturbation quantitative ou qualitative engendre la pathologie. Le terme était utilisé dans la ancienne médecine et encore dans l'acupuncture et l'homéopathie. Ni ubushobozi buri kandi butembera mu kiremwa cose gifise ubuzima kandi impinduka yabwo kukugene bwari busanzwe bukora canke bugabanutse bitera ingwara.
<b>Enzyme</b>	Substance (protéine) capable de transformer d'autres substances
<b>Umwambiro</b>	Ni ubwoko bwa ndemamubiri bufise ubushobozi bwo guhindura ibindi bintu
<b>Érythème</b>	Rougeur de la peau (disparaissant à la pression) due à inflammation (hyperémie ou congestion)
<b>Ugutukura kw'urukoba</b>	Ni ugutukura kw'urukoba bitewe n'ubushye.Ukwo gutukura gurahera iyo umuntu afyonze aho hantu.
<b>Escarre</b>	Nécrose cutanée du derme et de l'hypoderme d'origine ischémique (aussi e. de décubitus) localisée aux points d'appui (talons, région sacrée, etc.)
<b>Ubwoko bw'igikomere</b>	Ni ukubora kw'ibice bigize urukoba bitegwa ahanani no kutihindukiza kw'umurwayi, habangamirwa cane ku mashimikiro (ku dustintsiri, ku gakomokomo, ku bisusu n'ahandi)
<b>Éternuement</b>	Acte réflexe se traduisant par une expiration forcée et brutale par le nez et la bouche, provoqué par une irritation des muqueuses nasales
<b>Kwasamura</b>	Ugusohoka kw'impwemu n'inguvu mu mazuru no mu kanwa biturutse kw'isagarirwa ry'inyama zo mu mazuru.
<b>Étiologie</b>	Étude des causes des maladies (c. Déterminante et c. Adjuvante)
<b>Inkomoko</b>	Icigwa c'ibitera ingwara.
<b>Exogène</b>	Qui est dû à des causes externes Igiterwa n'ibikomoka hanze y'umubiri.
<b>Exsudat</b>	Liquide organique de nature inflammatoire Amazi yibonekeza mu rukoba nk'aho umuntu aba yahiye.
<b>Extrasystole</b>	Contraction du cœur survenant juste avant ou juste après une contraction normale, souvent perçue comme un choc dans la poitrine Itera ry'umutima ridasanze riza inyuma canke imbere y'uko usanzwe utera, umuntu akaba avyuvira rimwe na rimwe ku bubabare mu gikiriza.
<b>Fibrine</b>	Agent important de la coagulation, la fibrine est une protéine formée à partir du fibrinogène sous l'action de

	la thrombine. Le caillot de fibrine et plaquettes arrête les saignements. Les peptides de fibrine promeuvent le chimiotactisme des phagocytes
	Ni ubwoko bwa ndemamubiri ituma haba ivurirana ry'amaraso. Iyo ndemamubiri irahagarika kuvirirana nk'iyu umuntu akomeretse.
<b>Fibrinogène</b>	Protéine soluble, présente dans le plasma sanguin, et dont la transformation en fibrine insoluble forme le caillot. Le f. fonctions aussi dans l'agrégation plaquettaire.
	Ndemamubiri iyongera mu maraso hama ikaba ishobora kwiremarema ikamera nk'ibuye.
<b>Fibrinolyse</b>	Processus complexe de dissolution des caillots sanguins (constitués de fibrine) par la plasmine. Ce processus clôture la coagulation sanguine afin de reperméabiliser les vaisseaux sanguins réparés et sert à empêcher la formation de thromboses
	Ni uburyo budasanzwe butuma haba ukuyonga kw'amaraso yiremaremye bitewe na ndemamubiri « plasmine » Ubwo buryo kandi burabuzako habamwo ibintu vyiremaremye mu maraso.
<b>Fibrome</b>	Tumeur bénigne du tissu conjonctif
<b>Ubwoko vy'ikiviyimba</b>	Ni ikiviyimba kitababaza cyadukiza mu bice bitandukanye vy'umubiri.
<b>Fibrome utérin</b>	Tumeur bénigne de l'utérus, pouvant être responsable de saignements en dehors des règles
<b>Ikiviyimba co mu gitereko</b>	Ni ikiviyimba co mu gitereko gishobora gutuma umugore ava amaraso no mu gihe atari mu butinyanka.
<b>Fibrose</b>	Hyperplasie (croissance anormale et in excès) du tissu conjonctif (fibroblastes et collagène). In général, la f. est la conséquence d'une inflammation chronique
	Gukura birenze urugero kw'ibice vy'umubiri. Muri rusangi bituruka ku nkurikizi mbi z'ingwara idakira.
<b>Fibrose kystique</b>	Affection génétique relativement fréquente (1/2000) à transmission autosomique récessive caractérisée par un dysfonctionnement généralisé des glandes exocrines responsable d'un épaissement des sécrétions muqueuses
	Ingwara y'uruhererekane rw'imiryango isa n'iyigwiriye (umuntu umwe ku bantu ibihumbi bibiri arayigwara) ifata ibihimba vy'ihumekero n'inzira zicamwo infungurwa.
<b>Fièvre</b>	Élévation anormale de la température du corps humain.Ce phénomène physiologique provient principalement d'une réponse hypothalamique stimulée par des substances pyrogènes principalement libérées lors des phénomènes inflammatoires.
<b>Ubushuhe</b>	Ni ubushuhe ndenzarugero bw'umubiri w'umuntu.Kikaba ari ikimenyetso gitangwa n'agahimba gashinzwe umutekano w'umubiri kari mu bwoko ko haba hari ingorane mu mubiri.
<b>Filariose</b>	Manifestations pathologiques (lymphangites, éléphantiasis) déterminées par le parasitisme d'un organisme par des filaires du genre Wucheria transmise par la piqure de certains moustiques (Culex, Aedes, Anophèles, Mansonioïdes)
	Kwigaragaza kw'indwara ziterwa n'udukoko dutandukanye tuba twinjiye mu mubiri dukwirakwizwa no kuribwa n'imibu.
<b>Furoncle</b>	Amas de pus formé autour d'un poil
	Amashira yiyegeraniriza impande zose z'utwoya two ku rukoba.
<b>Gangrène</b>	Mortification (nécrose) et putréfaction des tissus pour action des microorganismes anaérobies
<b>Isuna</b>	Ugupfa no kubora kw'utunyamanyama tw'umubiri bitewe n'mikorobi y'ingwara izirana n'umwuka wa mwiza(oxygène)
<b>Gastroentérologie</b>	Branche de la médecine qui traite de l'estomac, de l'intestin et par extension de tout l'appareil digestif
	Ni igisata c'ivyigwa vy'ubuvuzi kijejwe kwiga indwara z'umushishito, isogi/amara wanashaka n'ibihimba vy'ihoka vyose.
<b>Germe</b>	Tout organisme microscopique infectieux : bactéries, virus, parasites, champignons
<b>Umugera</b>	Akanyabuzima gato cane kabonwa na rugamisha gusa gatera ingwara : imikorobi, imigera, inzoka, ibizinu nterandwara.
<b>Glaucome</b>	Groupe d'affections oculaires avec élévation de la pression intraoculaire
	Umugwi w'indwara zifatira mu maso vyongera gusatswa mujisho.
<b>Globule blanc (leucocyte)</b>	Cellule du sang: on distingue les polynucléaires neutrophiles (qui augmentent lors des infections), les polynucléaires éosinophiles (qui augmentent chez les personnes allergiques et en cas de parasitose), les polynucléaires basophiles (histamine, choc), les lymphocytes et les monocytes dont le nombre s'élève en cas d'infection virale ou de d'atteinte de la moelle osseuse
<b>Insoro zera</b>	Akaremangingo ko mumaraso kera.Hari amoko menshi yatwo akingira umubiri.
<b>Globule rouge</b>	Cellule du sang qui contient de l'hémoglobine
<b>Insoro zitukura</b>	Ni akaremangingo ko mu maraso karimwo agace «hémoglobine »
<b>Glycémie</b>	Quantité de glucose présente dans le sang, normalement de 0,80 à 1,10 gr/litre à jeun
<b>Isukari mu maraso</b>	Urugero rw'isukari mu maraso, ikaba ingana mu bisanzwe n'amagarama 0,80 gushika kuri 1,10 kw'iritiro umuntu ataco yafunguye.
<b>Goutte</b>	Maladie due à une accumulation d'acide urique (hyper uricémie) dans le sang, touchant certaines articulations, survenant surtout chez les sédentaires et les gros mangeurs de viande, souvent héréditaire, qui se manifeste souvent au gros orteil, sortant inflammation aiguë et douleur
	Ingwara iva kw'igwirirana ry'umucafu witwa aside irike (acide urique) mu maraso ifata ingingo zimwe

	zimwe. Iyo ngwara ikarira abantu bakunda kuguma bicaye hamwe n'abakunda kurya inyama kenshi. Ishobora no kuba imvukanwa, ikiyerekana kenshi na kenshi kw'ino rikuru ikarangwa n'umuriro mwinshi n'ububabare.
<b>Granulome</b>	Réaction inflammatoire chronique caractérisée par l'accumulation des macrophages à différents stades d'activation, entourées par une couronne de leucocytes mononucléés, essentiellement des lymphocytes et quelques plasmocytes. Exemple : G. dentaire, G. tuberculaire.
	Impanuka ndindamubiri birenze itewe n'irundana ry'utremangingo tw'umubiri, tuba dukikujwe n'utundi tw'ubundi bwoko (isoro ry'akabuto kamwe) cane cane utremangingo tugwanira umubiri.
<b>Gumma</b>	Granulome manifestation de la syphilis tertiaire, riche en macrophages, lymphocytes B activés et de la tissue fibrose.
	Ni akavyimba kerekana ko indwara y'agashangazi igeze ku gice ca gatatu, karimwo abasoda bagwanira umubiri (utremangingo tugwanira umubiri)
<b>Handicap</b>	Désavantage résultant d'une déficience ou d'une incapacité qui limite le sujet dans l'accomplissement de son rôle social
<b>Ubumuga</b>	Ingaruka mbi zivuye kukubura ubushobozi canke kugira ubushobozi buke bw'umubiri canke igihimba c'umubiri bigatuma umuntu akora bike muvuyo yategerezwa.
<b>Hémarthrose</b>	Collection du sang dans une articulation
<b>Amaraso mu ngingo</b>	Ukwirundanya kw'amaraso mu ngingo z'umubiri.
<b>Hématémèse</b>	Vomissement de sang, due à un saignement gastroduodéal.
<b>Kudahwa /kuyorwa amaraso</b>	Kudahwa amaraso biturutse kw'ivirirana mu nda.
<b>Hématologie</b>	Branche de la médecine qui traite du sang (de gr. <i>Haima</i> : sang et <i>logos</i> : connaissance, science)
	Igisata c'ubuvuzi citaho ivyerekeye amaraso.
<b>Hématome</b>	Amas volumineux du sang dans le tissu sous-cutané ou dans les organes intérieurs, d'origine traumatique ou dû à la rupture de vaisseaux le plus souvent (mais non seulement) artériels
<b>Ikibuye c'amaraso</b>	Ikinonko c'amaraso mu nyama y'umubiri canke mu bihimba vy'imbere mu mubiri gituruka kw'ibabazwa canke ku gucika kw'udutsi nsozamaraso cane cane imitsi ikura amara mu mutima.
<b>Hématurie</b>	Présence de sang dans l'urine (macroscopique ou microscopique) lorsque l'hémorragie survient dans l'appareil urinaire, rein, vie urinaires, vessie, prostate, urètre.
<b>Amaraso mu mukoyo</b>	Ni amaraso aboneka mu mukoyo igihe habaye ivirirana mu bihimba bihingura/bisohora umukoyo: ifyigo, uruhago, akaringo gasohora umukoyo.
<b>Hémolyse</b>	Rupture des globules rouges qui cause anémie
	Imanyagurika ry'insoro zitukura bituma haba gukama amaraso.
<b>Hémophilie</b>	Affection génétique portée par le chromosome X caractérisée par un déficit en facteur VIII (h. A) ou facteur IX (h. B)
	Ni indwara mvukanwa y'amaraso ivuye ku kubura uduce tw'umubiri tujewe ivurirana ry'amaraso.
<b>Hémoptysie</b>	(gr. <i>Haima</i> ; <i>ptysis</i> : crachement). Crachement de sang d'origine bronchique ou pulmonaire causée par tuberculose pulmonaire, cancer bronchique, infarctus pulmonaire
<b>Gukorora amaraso</b>	Gukorora ugacira amaraso avuye mu mahaha bitewe n'igituntu co mu mahaha canke kanseri yo mu mahaha.
<b>Hémorragie</b>	Perte de sang à partir d'une artère ou d'une veine (interne/externe)
<b>Kuvirirana</b>	Ni ugutakaza amaraso avuye mu mutsi uba wagize ikibazo.
<b>Hémostase</b>	L'ensemble des mécanismes qui assurent le maintien du sang à l'intérieur des vaisseaux et, en particulier, des phénomènes qui déterminent l'arrêt du saignement lorsqu'un vaisseau est blessé. La coagulation du sang est un des temps de l'hémostase.
	Ivurirana ry'amaraso rituma rigumya amaraso mu bihimba vy'umubiri ntaje hanze n'igihe haba habaye itoborwa canke ikenyuka ry'umutsi nsozamaraso.
<b>Héparine</b>	Molécule qui fait partie des glycosaminoglycanes (GAG) ayant des propriétés anticoagulantes extrêmement puissantes
	Ni umuti nkorwamubiri canke mpingurwa mu mahinguriro ufise ubushobozi bunini bwo kubuza amaraso kuvura.
<b>Hépatite</b>	Affection inflammatoire du foie (étiologie virale, ou toxique)
<b>Igitigu</b>	Ubuvyimbe, ububabare, ugutukura kw'igitigu.
<b>Hernie</b>	Issue spontanée d'une partie des viscères hors des limites de la cavité les contenant normalement, au travers d'une zone de faiblesse
<b>Itirimuka ry'amara</b>	N'isohoka ry'ibihimba vyo munda birenga imbibe z'aho vyategerezwa kugarukira.
<b>Homéostasie</b>	Constance du milieu intérieur (d'un être vivant)
	Uburyo nyamubiri butuma ibintu vyo mu mubiri biguma kurutonde rwavyo.
<b>Hydrarthrose</b>	Surabondance de liquide transsudatif dans une articulation
<b>Amazi mu ngingo</b>	Igwirirana ry'amazi mw'iteranirizo ry'ingingo z'umubiri.
<b>Hydrothorax</b>	Épanchement pleural de type transsudatif



<b>Amazi mu gikiriza</b>	Ni igwirirana ry'amazi mu gikiriza.
<b>Hyperémie</b>	Congestion, augmentation de la circulation du sang dans les capillaires
<b>Amaraso menshi</b>	Igwirirana ndenzarugero ry'amaraso mu dutsi dutoduto.
<b>Hypercapnie</b>	Augmentation du teneur du sang artériel en gaz carbonique, traduisant une hypoventilation alvéolaire
	Igwirirana ry'umwuka mubi mu maraso bigatuma amahaha aronka umwuka mwiza muke.
<b>Hyperglycémie</b>	Taux anormalement élevé de glucose dans le sang
	Ni igwirirana ndenzarugero ry'isukari mu maraso.
<b>Hyperplasie</b>	Augmentation du nombre des cellules d'un organe ou d'un tissu, dont le volume est alors augmenté
	Igwirirana ry'uturemangingo tw'igihimba c'umubiri canke inyama y'umubiri bigatuma ico gihimba canke iyo nyama bivyimba.
<b>Hypersensibilité</b>	Réponse immunitaire disproportionnée par rapport à la dangerosité de l'intrus qui peut notamment être une bactérie, un virus, une toxine, une endotoxine ou un allergène. L'hypersensibilité liée à les anticorps IgE sont regroupés sous le terme d'allergie.
	Inyankane y'umubiri
<b>Hyperthermie</b>	E'élévation locale ou générale de la température du corps au-dessus de la valeur normale (37 à 37,5 °C chez l'humain), en raison de l'accumulation de chaleur exogène. Coup de chaleur classique
<b>Ubushuhe bwinsi</b>	Ubushuhe ndenzarugero bw'umubiri.
<b>Hypertrophie</b>	Augmentation de la taille d'un organe ou d'un tissu par augmentation de la taille des cellules
	Ivyibuha rirenze urugero ry'igihimba canke inyama y'umubiri bitumwe n'iyongerekana rirenze urugero ry'uturemangingo.
<b>Hypoglycémie</b>	Taux anormalement bas de glucose dans le sang
	Igabanuka ry'urugero rw'isukari mu maraso.
<b>Hypoplasie</b>	Développement insuffisant d'un tissu ou d'un organe pour diminution du nombre de cellules
	Ikura ridakwiye ry'agace k'umubiri canke igihimba c'umubiri bitumwe n'igabanuka ry'uturemangingo.
<b>Hypoprotéinémie</b>	Diminution de protéines du plasma résultant de la déperdition excessive des protéines ou de la diminution de la synthèse des protéines. Hypo albuminémie ☐ œdème
	Igabanuka rya ndemamubiri mu maraso bitewe n'igabanuka ry'ihingurwa ryazo.
<b>Hypotrophie</b>	Diminution de la taille d'un organe ou d'un tissu par diminution de la taille des cellules par perte de substance cellulaire
	Igabanuka ry'uburinganire bw'igihimba c'umubiri canke inyama y'umubiri bivuye kw'igabanuka ry'uturemangingo.
<b>Hypoxie</b>	Diminution de l'apport d'oxygène au niveau des cellules et des tissus
<b>Ibura ry'umwuka</b>	Igabanuka ry'umwuka mwiza muturemangingo no muduce tw'umubiri.
<b>Ictère</b>	Jaunisse de la peau et des yeux due à l'augmentation de la bilirubine
<b>Umuhondo</b>	Ugusa n'umuhondo kw'urukoba be n'amaso biturutse n'iyongerekana rya « bilirubine ».
<b>Infarctus (cardiaque)</b>	Nécrose ischémique. Se manifeste avec douleur et infiltration du tissu par un épanchement sanguin, peut se compliquer avec hémorragie à l'intérieur du myocarde.
<b>Urufu (rw'umutima)</b>	Gupfa kw'utugingo tw'imitsi itwara amaraso iyakura mu mutima. Bituma umuntu yumva ububabare, bigatuma kandi amaraso anyiririka mu nyama z'umutima.
<b>Infection</b>	Envahissement de l'organisme par un germe pathogène
<b>Ubwandu</b>	Igitero c'umugera w'ingwara mu mubiri w'umuntu canke w'igikoko.
<b>Infirmité</b>	Altération permanente d'une fonction de l'organisme, d'origine congénitale ou acquise
<b>Ubumuga</b>	Ihungabana canke kudakora neza kw'igihimba c'umubiri, rishobora kuvukanwa canke canke rigaterwa n'isanganya.
<b>Inflammation</b>	Ensemble des signes et symptômes et des mécanismes qui les détermine, secondaires à une infection ou à un dommage au tissu, voué à la défense et la réparation
<b>Inflammation, Ubuvyimbe, ububabare, ugutukura</b>	Umugwi w'ibimenyetso bigaragara iyo umuntu yagize ubwandu canke hari agace k'umubiri kagize ingorane, bishobora gufasha gukingira umubiri
<b>Insuffisance cardiaque (chronique)</b>	Quand le coeur n'a plus la force de faire circuler la quantité de sang nécessaire pour le bon fonctionnement des tissus du notre corps
<b>Igabanuka ry'ububasha bw'umutima rimara igihe</b>	Iyo umutima wataye ububasha bwo gutera amaraso mu bice vyose vy'umubiri
<b>Interférence virale</b>	Mécanisme d'inhibition de la croissance des virus due aux interférons produits par les cellules infectées
	Uburyo umubiri ukoresha mukuzingamika imigera bikozwe n'uturemangingo twamaze kwandura.
<b>Ionisation</b>	Production d'ions (à partir de molécules électriquement neutres). Produite par les rayons X et gamma.
	Ihingurwa ry'utumanyu tutaboneshwa amaso bita "iyo" hakoreshejwe imishwarara yitwa "x" na "gama".
<b>Ischémie</b>	Diminution de l'apport sanguin artériel à un organe. Cette diminution entraîne essentiellement une baisse de l'oxygénation des tissus de l'organe en dessous de ses besoins (hypoxie) et la perturbation, voire l'arrêt, de sa fonction

	Ikeha ry'amaraso mu mijana y'igihimba kanaka c'umubiri. Iryo keha rituma ico gihimba kitaronka impwemu zitwa "oxijene" zikwiye bigatuma gikora nabi canke ntigikore.
<b>Kyste</b>	Néoformation à contenu fluide, dont la cavité, quelle qu'en soit l'origine, est bordée par un revêtement propre, épithélial ou endothélial. De origine parasitaire (amibe), néoplasique, congénitale, génétique (fibrose kystique)
	Ako gasaho gashobora gukomoka ku karonda, ku bwandu canke ku zindi nkomoko.
<b>Kwashiorkor</b>	Syndrome de malnutrition protéino-énergétique sévère de la première enfance. Le terme, qui signifie enfant (kwashi) rouge (orkor) dans la langue des Ashanti du Ghana, se réfère à la rougeur de peau des enfants qui en sont frappés. Le kwashiorkor touche principalement les jeunes enfants qui, âgé de 6 mois à trois ans, à l'arrivée d'un second enfant, sont brutalement sevrés et passent à une alimentation trop pauvre en protéines.
<b>Kwashi, nyamagoma</b>	Uruhurirane rw'ibimenyetso vyo gufungura nabi cane bikunda kwibonekeza ku bana bato ; iryo jambo kwashiyokoro risobanura umwana atukura mu rurimi rw'aba Ashanti bo muri Ghana rifatiye mu guhishira kw'urukoba rw'abana bafashwe n'iyongwara. Iyo ngwara ikunda gufata abana bari hagati y'amezi atandatu n'imyaka itatu bakukijwe bukwinbukwi mugihe uwundi mwana avutse maze bakabura ingaburo irimwo ndemamubiri zikwiye.
<b>Lésion</b>	Terme désignant toute altération morphologique et biochimique d'un tissu ou d'une cellule
	Ijambo risobanura impinduka iyariyo yose ituma agace k'umubiri canke akaremangingo kagabanuka ubushobozi bwo kwikingira.
<b>Leucocytose</b>	Augmentation du nombre des leucocytes dans le sang. Exemples : 10.000 ou 20.000 par mm <sup>3</sup>
	Ni ijambo risigura iyongerekana ry'igitigiri c'utremangingo twera mu maraso.
<b>Leucopénie</b>	Diminution du nombre des leucocytes dans le sang. Exemple : 1.000 ou 2.000 per mm <sup>3</sup>
	Igabanuka ry'igitigiri c'utremangingo twera mu maraso
<b>Lymphangite</b>	Inflammation des vaisseaux lymphatiques
	Ubuviyimbe, ububabare, ugutukura kw'imitsi itwara amatembabuzi yitwa « lymph ».
<b>Lymphoadénite</b>	Inflammation d'un ganglion lymphatique. Dite aussi adénite
<b>Ubuviyimbe bw'isumbi</b>	Ubuviyimbe, ububabare, ugutukura kw'amasumbi yakira amatembabuzi yo mu mubiri.
<b>Maladie</b>	Perturbation des fonctions normales d'un ou plusieurs organes, que produit souffrance, dont des causes sont en général connues, qui sont traduites par des signes et des symptômes.
<b>Ingwara</b>	Ihungabana ry'ukungene ibihimba vy'umubiri bikora ritera ububabare ; ibirituma bikaba bizwi kandi bikerekanwa n'ibimenyetso biboneka.
<b>Maladie génétique</b>	Maladie due à une ou plusieurs anomalies sur un ou plusieurs chromosomes qui entraînent un défaut de fonctionnement de certaines cellules de l'organisme.
<b>Indwara y'akaronda</b>	Ingwara ivuye ku kagorane canke ingorane nyinshi zivuye kugace k'urubuto kamwe canke twinshi bigatuma ingingo zimwe zimwe z'umubiri zidakora neza nk'uko bikwiye.
<b>Maladie iatrogénique</b>	M. provoquée par les personnel des soins ou par les médicaments
	Ingwara ishobora guterwa n'abavuzi canke iturutse ku miti umuntu yafashe.
<b>Maladie infectieuse</b>	Maladie provoquée par la transmission d'un micro-organisme : virus, bactérie, parasite, champignon, protozoaires
<b>Ingwara iterwa n'ubwandu</b>	Ingwara iturutse ku bwandu bwa virusi
<b>Maladie opportuniste</b>	Maladie due à des germes habituellement peu agressifs mais qui sont susceptibles de provoquer de graves complications en affectant des personnes ayant un système immunitaire très affaibli, comme les personnes subissant une greffe d'organe, une chimiothérapie ou atteintes du SIDA.
<b>Ingwara y'icuririzi</b>	Indwara iturutse kutuntu bita migera mu bisanzwe idakaze ariko ishobora kubangamira abantu bafise ubudahangagwa bugoyagoya, dufate nk'abantu batewe ingingo zitari rwabo (greffe d'organe), abakorerwa ivyitwa chimiothérapie canke abagwaye umugera wa SIDA.
<b>Malaise</b>	Terme qui regroupe symptômes subjectifs avec trouble de la vigilance avec hypotonie
<b>Inyiyumvo idatomoye, itameze neza.</b>	Iryo jambo risobanura ibimenyetso vyinshi bigoye gusigura bigatera kudehukirwa mu ngingo z'umubiri.
<b>Malin</b>	Se dit des néoplasmes infiltrant les tissus voisins et donnant des métastases
<b>Urwâje</b>	Indwara iteye ubwoba bigoye kwizera ko izokira (guhebera urwâje), igashobora kubangamira umubiri wose. Akarorero ikiviyimba ca kanseri.
<b>Marqueurs (de nécrose, tumoraux)</b>	Sont des enzymes et autres substances spécifiques d'origine cellulaire livrées par les cellules nécrotiques et entrent dans le circuit sanguin, où elles peuvent être mesurées et utilisées comme examen de laboratoire pour détecter la présence de nécrose dans les tissus (cœur, pancréas, etc.) ou de la tumeur.
	Ni utwambiro hamwe n'utundi tuntu twabigenewe tuva mu turemangingo dutangwa n'utundi turemangingo twica ingingo kandi tukaja mu murindi w'amaraso aho dushobora gupimwa no gukoreshwa nk'igipimo co muri laboratwari mu gutora igitera ipfa ry'ingingo (zo mu mutima canke z'ugwagasha)
<b>Mastite</b>	Inflammation de la glande mammaire
<b>Umunyegenyeye</b>	Ubuviyimbe, ububabare, ugutukura kw'utugingo tugize imoko y'ibere
<b>Melaena</b>	Melæna (fèces noires) est le sang présent dans les fèces par une hémorragie dans l'intestin. / de saignement digestif occulte, lorsque la présence de sang dans les fèces est détectable seulement avec analyse chimique.

	Ni amaraso yibonekeza mu mwanda mukuru bivuye ku kuva amaraso mu mara.
<b>Méningite</b>	Inflammation des méninges, souvent de nature infectieuse
<b>Mugiga</b>	Ubuvyimbe, ububabare, ugutukura kw'uduce dupfutsa ubwonko, ahanini iterwa n'imigera
<b>Ménorragie</b>	Règles anormalement abondantes et prolongées (exemple > 5 jours)
<b>Umunziganziga</b>	Kuva amaraso menshi uri mubutinyanka. Akarorero : kurenza imisi itanu uriko urava.
<b>Métrorragie</b>	Hémorragie utérine observée dans l'intervalle des règles ou après la ménopause
<b>Akoko, umutwenzi</b>	Ukuva amaraso mu gitereko umwigeme atari mu kwezi canke umugore yaracye atakivyara.
<b>Miliaire tuberculeuse</b>	Dissémination hémotogène massive du bacille tuberculide avec lésions secondaires dans plusieurs organes Ikwirakwira kubwinshi rw'imigera y'igituntu bitera udukomere mu bihimba vyinshi vy'umubiri.
<b>Mitose</b>	Division cellulaire et duplication Ukwigabura kw'utremangingo, Akaremangingo kamwe kavamwo tubiri
<b>Mutation</b>	Modification qualitative de la séquence de ADN et de conséquence d'une protéine Ihinduka ry'iyubakwa rya ADN
<b>Nécrose</b>	Degré extrême de dommage cellulaire caractérisé par des lésions biochimiques et structurales irréversible suivies de la perte progressive de toutes les structures cellulaires
<b>Ukubora</b>	Ugupfa birenze urugero rw'imiterere y'utremangingo mu buryo budasubirwako
<b>Néphrologie</b>	Branche de la médecine qui traite du rein. Néphrite : inflammation du rein
<b>Ukwiga amafyigo</b>	Ishami ry'ubuvuzi rijejwe kuvura amafyigo.
<b>Nitroglycérine</b>	Dérivé nitré vasodilateur, anti angineux Umuti wagura imitsi nsozamarso, ushobora kuvura angine.
<b>Obésité</b>	Excès de gras accumulé dans les cellules du tissu adipeux
<b>Ubuviyibuhe burengeje</b>	Ibinure vyinshi vyiyegeranya mu mubiri bigatera ukuvyibuha kurenze.
<b>Œdème</b>	infiltration de liquide organique (exsudat or transsudat) de divers tissus, qui se révèle (au niveau de la peau) par un gonflement
<b>Igisahuzi, igifuke, biribate</b>	Ukunyengerera kw'amazi mu bice vy'umubiri vyerekanwa n'ubuvyimbe.
<b>Oligurie</b>	Diminution de la production d'urine
<b>Igikaramu</b>	Igabanuka ry'ihingurwa ry'umukoyo.
<b>Opsonisation</b>	Processus de revêtement des bactéries par anticorps et/ou complément qui favorisent la phagocytose Ugucika intege kw'udukoko dutera ingwara mu mubiri kugira dushobore kumirwa n'abasoda.
<b>Orchite</b>	Inflammation du testicule
<b>Akavumvu</b>	Ubuvyimbe, ububabare, ugutukura kw'amavya (ku magara)
<b>Orthopédie</b>	Branche de la médecine qui traite de l'os et des articulations Ni igisata c'ubuvuzi ciga ibijanye n'amagufa be no mu makonyero/iteraniririzo ry'ingingo.
<b>Ostéomyélite</b>	Ostéite aigüe ou chronique, souvent staphylococcique ou streptococcique, frappant essentiellement les enfants et les adolescents. Les bactéries entre par la blessure et se diffuse par voie hémotogène.
<b>Indwara y'amagufa</b>	Ni ingwara ikaze canke idakira ifata amagufa, rimwe na rimwe iterwa n'udukoko, ikabangamira cane cane abana hamwe n'imiyabaga. Utwo dukoko twinjirira mu gikomere tugaca dukwiragira mu maraso.
<b>Ostéoporose</b>	Syndrome anatomique caractérisé par une raréfaction des travées du tissu osseux spongieux Ni umugera wo mu magufa werekanwa n'igabanuka ry'ibice bigize amagufa.
<b>Otite</b>	Inflammation aigüe ou chronique de l'oreille
<b>Ikakama ryo mu matwi</b>	Ubuvyimbe, ububabare, ugutukura kw'ugutwi ibabaza cane mu gihe gito canke ikamara igihe kirekire.
<b>Papillome</b>	Tumeur bénigne épithéliale avec hyperacanthose (augmentation des assises cellulaires malpighiennes de l'épiderme). Provoqué par virus (HPV) Ni ikivyimba kitababaza cane kiza ku rukoba.
<b>Paralyse</b>	Déficit complet de la force musculaire et du mouvement. P. flasque (ex botulisme, maladies neurologiques) et spasmodique (ex tétanos) Ni kubura burundu inguvu zo mu nyama z'umubiri hamwe n'izo gushobora kwinyagaza.
<b>Pathogénie</b>	L'ensemble des mécanismes responsables des maladies Umugwi w'ibintu bitera indwara.
<b>Pathogène</b>	Qui peut provoquer la maladie Igishobora gutera indwara
<b>Pathologie</b>	Ensemble des manifestations d'une maladie et des effets morbides qu'elle entraîne
<b>Ingwara</b>	Ni umugwi w'ibimenyetso vy'ingwara n'inkurikizi mbi ishobora gutera.
<b>Pathologie Générale</b>	Étude des maladies, de leurs causes, mécanismes et symptômes
<b>Ingwara muri rusangi</b>	Ni icigwa ciga ivy'ingwara, ibizitera, ingene zitera imbere hamwe n'ibimenyetso.
<b>Périodontie (parodontite)</b>	Inflammation du parodonte (la forme chronique peut provoquer la chute des dents)

	Ni ingwara y'amenyo ishobora gutuma amenyo ahongoka.
<b>Péritonite</b>	Inflammation de la membrane qui tapisse l'abdomen (et les organes abdominaux)
	Ubuvyimbe, ububabare, ugutukura kw'igihimba gishashe imbere mu nda (hamwe n'imbere mubindi bihimba biri imbere munda).
<b>Phagocytose</b>	Acte par laquelle une cellule (phagocyte) englobe un corpuscule à l'intérieur de une vacuole constitué par la membrane cellulaire; moyen de défense de l'organisme: les phagocytes sont granulocytes neutrophiles et éosinophiles, monocytes, macrophages
	Ni uburyo akaremangingo kagwanira umubiri gakoresha mukwica igiteye umubiri ; ni uburyo kandi umubiri ukoresha mu kwiganira : ukwo kwigwanira kw'umubiri kukaba gukorwa n'umugwi w'utaremangingo dutandukanye.
<b>Phlébite</b>	Inflammation d'une veine. Souvent causée par un caillot (thrombose veineuse profonde)
<b>Inflammation ry'mitsi njanyi</b>	Ubuvyimbe, ububabare, ugutukura kw'imitsi na cane cane yo mumaguru rimwe rimwe bitewe n'utuntu tuba turi mumitsi tumeze nk'utubuye.
<b>Phlegmon</b>	Inflammation purulente diffusée dans les tissus.
	Ni ububabare buterwa n'amashira aba asanzagiye mu mubiri.
<b>Phlyctène</b>	Une ampoule ou cloque, est une lésion de la peau, élévation circonscrite de l'épiderme, due à une collection de liquide clair contenu dans une cavité néo-formée.Elle peut être causée par des frottements répétés, une brûlure, le gel, l'exposition à des produits chimiques ou une infection
<b>Gututa</b>	Ni ugututa kw'urukoba, aho hatuse ugasangamwo ibintu bimeze nk'amazi asa neza. Bishobora guturuka ku bushe,kugukanya cane ku miti n'ibindi.
<b>Ptyosis</b>	(Gr. Ptyosis : crachement) parole ancienne indiquant la tuberculose.
<b>Igituntu</b>	Ni imvugo yakera bakoresha bashaka kuvuga indwara y'igituntu.
<b>Plaie</b>	Solution de continuité des téguments
<b>Igikomere</b>	Ugucika kw'urukoba
<b>Plasma</b>	Milieu liquidien entre le quel les cellules sanguines se trouvent en suspension. Il représente 55 % du volume sanguin. Il représente une importante source de médiateurs de l'inflammation (cascades du complément, coagulation, quinines)
	Ni igice c'amaraso kimeze nk'amazi kiba kirimwo utaremangingo twinshi tw'amaraso. Ico gice kigizwe n'ibice mirongo itanu na bitanu kw'ijana (55%) vy'amaraso yose. Ico gice kandi nico kirangwamwo ibimenyetso vyinshi biranga indwara zitandukanye.
<b>Pleurésie</b>	Epanchement de liquide dans l'espace virtuel situé entre la plèvre viscérale et la plèvre pariétale. Souvent pour pleurites.
	Ni igwirirana ry'amazi mu bice bitandukanye bigize ibihimba vy'amahaha.
<b>Pneumothorax</b>	Epanchement gazeux occupant tout ou partie de l'espace habituellement virtuel compris entre la plèvre viscérale et la plèvre pariétale
	Ni ukwuzura kw'umwuka, impwemu mu bice bitandukanya ibihimba vy'amahaha.
<b>Polyglobulie</b>	Excès de globules rouges dans le sang. Peut-être réactive ou néoplasique (aussi : polycythémie)
	Ubwinsi bw'utaremangingo dutukura two mu maraso. Bishobora kubangamira umubiri canke bigatuma havuka utaremangingo ata co tumarira umubiri. Nk'akarorero utaremangingo dutera kanseri.
<b>Poliomyélite</b>	Inflammation de la moelle épinière (de la substance grise)
<b>Ubukangwe</b>	Ingwara y'umusokoro w'uruti rw'umugongo
<b>Polype</b>	Tumeur bénigne sessile ou pédiculée développée aux dépens d'un revêtement épithélial ou muqueuse. Peut-être héréditaire (« polypose »)
	Ikivyimba kitababaza cane gikura biturutse ku bihimba bigize urukoba rw'umubiri. Bishobora kuba akaronda.
<b>Pneumoconiose</b>	Désordre pulmonaire fibrogène liés à l'inhalation de poussières minérales ou organiques
	Kudakora neza kw'amahaha bivuye ku ntumo yayinjijemwo.
<b>Proctite</b>	Inflammation du canal anal
	Ubuvyimbe, ububabare, ugutukura kw'igice co hasi gicamwo umwanda mukuru.
<b>Prostaglandines</b>	Sont des métabolites de l'acide arachidonique, obtenues à partir de phospholipides membranaires par action de phospholipases (plusieurs sous-types existants). Elles ont plusieurs et différentes fonctions
	Ni ibitangwa na acide iva mu vyema, tubihabwa n'ivyunyuny vyitwa fosforo biba mu gihimba c'inyuma ku karemangingo kubw'igikorwa c'inkabuzo zitwa « phospholipases ».
<b>Pulpite</b>	Inflammation de la pulpe dentaire
<b>Indwara y'iryinyo</b>	Ingwara (ububabare canke ubuvyimbe) bw'imizi y'iryinyo.
<b>Pus</b>	Fluide résultant de l'inflammation purulente, composé d'un exsudat contenant beaucoup de polynucléaires neutrophiles et des débris cellulaires nécrosés et altérés par les enzymes protéolytiques produites par les leucocytes
<b>Amashira</b>	Ni ibitemba uvyimbe bw'ahantu ku mubiri, bikaba bigizwe n'ibisohoka bigwiriyemwo utaremangingo tugikomeye hamwe n'utundi turemangingo twicwa kandi tugahindurwa umwanda n'inkabuzo zihingurwa n'utundi turemangingo tugwanira umubiri.

<b>Pustule</b>	Bouton. Lésion cutanéen contenant du pus
<b>Igihere</b>	Agahere. Ni agahere kaduka ku rukoba karimwo amashira.
<b>Rachitisme</b>	Insuffisance de minéralisation osseuse due au manque de vitamine D ou au manque de lumière du soleil Ugukeha rw'icunyuny co mu magufa guterwa n'ukubura «vitamine D» canke ukubura umuco w'izuba.
<b>Radicaux libres</b>	Molécules électroniquement très réactives, peuvent dériver de l'oxygène ou de l'eau. Lorsque produit par les phagocytes, ils sont nécessaires pour l'élimination des bactéries Ni utunyangingo dukaze cane dushobora kuva ku mpwemu canke ku mazi. Iyo twahinguwe n'uturamangingo tugwanira umubiri, tuba ngirakamaro mu kugwanya udukoko dutera indwara.
<b>Ramollissement cérébral</b>	Lésion du parenchyme cérébral liée à un défaut d'apport sanguin, consécutif à un accident vasculaire (embolie ou thrombose artérielle) Ni udukomere two mu bwonko duterwa n'ukudatembera neza kw'amaraso mu bwonko biturutse kw'isanganya riba ryabaye mu mitsi isoza amaraso.
<b>Rhinite</b>	Ou rhume : inflammation du nez
<b>Ibicurane</b>	IbIbigira amazuru imbere birakakama kubera imigera
<b>Rhinite allergique</b>	Inflammatin de la muqueuse nasale et des conjonctives provoquée par le contact avec la poussière, médicaments, etc
<b>Ibicurane biva ku vyo bizirana n'umuntu</b>	Ikakama ry'amazuru imbere, n'amaso riterwa n'imikungugu canke imiti n'ibindi
<b>Rubéole</b>	Maladie infectieuse éruptive, épidermique, due au virus de la rubéole (Togavirus). Danger de complications cérébrales et de malformations du fœtus, si la femme est enceinte. La prophylaxie par vaccination est efficace. Ni ingwara yandukira yonona urukoba iterwa n'umugera witwa «Togavirus». Ni ingwara iteye ubwoba cane cane ko ishobora kugira ingarukambi mu bwonko hamwe no gukura nabi kw'umwana yibungenzwe. Mu gihe umufasoni yibungenze, ni vyiza ko aronka urucanco.
<b>Salpingite</b>	Inflammation de la trompe utérine Ubuvyimbe, ububabare, ugutukura kw'uturingoti dutwara intanga mu gitereko ikaba n'imwe mumpamvu zikomeye zitera ubugumba.
<b>Sclérose</b>	Induration pathologique d'un organe ou d'un tissu, due à l'hypertrophie de son tissu conjonctif Igumarara ry'igihimba canke igice c'igihimba rivuye ku kwongerekana ubunini bw' kigize ico gihimba c'umubiri.
<b>Scorbut</b>	Ensemble des troubles stomatologiques (hémorragies gingivales) et hématologiques liés à une carence en vitamine C due à un régime alimentaire dépourvu de végétaux frais et agrumes (limon, orange). Umugwi w'ihungabana ry'ibihimba vyo mu kanwa (nko kuva amaraso mu binyigishi) n'iryamaraso biturutse ku gukena kwa «vitamine C» guturuka ku ngaburo itagira ibimera bibisi hamwe n'ivyamwa.
<b>Sensibilisation</b>	Administration d'un antigène susceptible de provoquer une réponse immunologique que révélera, par exemple, la réaction provoquée par une seconde administration du même antigène. La s. peut-être une cause adjuvante de maladie. Ni imenyeshwa ry'umubiri ko hari ikintu kiwinjijemwo kitari kimenyerewe kugira umubiri ushobore kukigwanya.
<b>Septicémie (sepsis)</b>	Dissémination par voie sanguine d'un germe pathogène, qui comporte des manifestations générales graves Ikwiragira mu mumubiri ry'imigera y'ingwara icye mu maraso dushobora gutera ingwara.
<b>Sérum</b>	Sérum sanguin, la partie liquide du sang qui reste après la coagulation Ni igice kimwe mubigize amaraso kimeze nk'amazi gisigara iyo amaraso yavuze
<b>Sinusite</b>	Inflammation des sinus du crane Ubuvyimbe, ububabare, ugutukura kw'udusaho two mumagufa y'agahanga
<b>Spasme musculaire</b>	Contraction intense du muscle (lisse ou strié)
<b>Idadarara ry'umubiri</b>	Ukudadarara kw'inyama z'umubiri w'umuntu biza giturumbuka, birababaza kandi bikamara umwanya muto.
<b>Stéatose</b>	Surcharge en lipides des cellules. Accumulation des graisses en vésicules dans les cellules non adipeuses. Ni ubwinshi bwa sanganyangaburo mu turemangingo. Ni ukwiyegeranya kw'ibinure mu dusaho tuba mu turemangingo tutari mu binure.
<b>Sténose</b>	Diminution pathologique du calibre d'un orifice ou d'un canal Ni ukugabanuka kw'ubwaguke bw'umwenge canke umuhora biturutse k'ubugwayi.
<b>Stomatite</b>	Inflammation des muqueuses buccales Ubuvyimbe, ububabare, ugutukura kw'inyama ishashe mu kanwa.
<b>Stress</b>	Toute tension or agression s'exerçant contre l'organisme, et la réponse physiopathologique à l'agression (réaction non-spécifique). Trois phases : 1 alarme, 2 résistance, 3 épuisement
<b>Ububabare bwa misi yose (=amagorwa)</b>	Ni ukudatekana canke kubura amahoro bivanye n'ingorane umuntu aba afise.
<b>Syndrome de Down</b>	Maladie génétique due à la trisomie des chromosomes 21 Ni indwara mvukanwa iva mu kuremwa kw'ibihimba bimwe bimwe vy'umubiri.



<b>Tachycardie</b>	Contractions cardiaques rapides
<b>Indihagizo z'umutima</b>	Gutera kw'umutima birenze urugero.
<b>Tétanos</b>	Maladie toxi-infectieuse sporadique, accidentelle, d'une haute gravité, due à Clostridium Tetani. Cause adjuvante : saleté de la blessure. Il y a une efficace vaccination contre la toxine
<b>Rudadaza</b>	Ni ingwara iza giturumbuka, ikaze cane iterwa n'agakoko kitwa Clostridium Tetani. Kinjirira mu gikomere ariko hariho urucanco rukinga iyo ngwara.
<b>Transaminases</b>	Enzymes qui assurent le transfert du radical -NH <sub>2</sub> . En biologie clinique sont élevés au cours de l'infarctus, de cytolysse hépatique Umugwi w'imiseburo ituma haba isanzazwa ry'agace NH <sub>2</sub> . Mu cigwa ntungamagara iyo miseburo iriyongera cane mu gihe uduce ndemangingo tuba twapfuye ku bwinshi canke mu gihe c'ishwanyagurika ry'igitigu.
<b>Transsudat</b>	Liquide pauvre en protéines sortant des vaisseaux et accumulé dans la tissue conjonctive in absence de inflammation (maladies du rein, du foie, dénutrition, insuffisance cardiaque) Utuzi dukenye sanganyaburo dusohokana mu mitsi hama tukiyegekaniriza mu nyama z'umubiri umuntu atarinze kubabara (ishobora kuba ari indwara y'amafyigo, igitigu, gufungura nabi canke ugukora nabi kw'umutima)
<b>Thrombocytopénie</b>	Baisse du nombre des plaquettes au-dessous de 100 000/mm <sup>3</sup> Igabanuka ry'igitigiri ry'uduce tumwe mutugize amaraso bita paragegi tukaja muni y'100000/mm <sup>3</sup>
<b>Thrombus</b>	Produit final de la coagulation sanguine, formé dans la circulation par l'agrégation plaquettaire et l'activation du système de coagulation humorale. La thrombose consiste en la formation d'un thrombus obturant un vaisseau sanguin. Ni intambwe yanyuma y'ivurirana ry'amaraso, biba igihe amaraso aba ariko aratamba bigaterwa n'ukwiyegekaniriza kw'uduce tw'amaraso tujejeve kuvura hamwe n'ubuhinga kama bw'umubiri mw'ivurirana. Ubwo buryo bushinzwe kuzibira umutsi w'amaraso.
<b>Trisomie</b>	Présence de 3 chromosomes au lieu des 2 normalement présent en couple de chromosomes Ni igitigiri kirenze kucari gitegekanijwe c'uduce tw'umubiri twitwa "chromosome". Haba hari dutatu aho kuba tubiri.
<b>Tuméfaction</b>	Enflure, renflement tissulaire. Augmentation pathologique du volume d'un organe ou gonflement dans une région limitée du corps
<b>Ubuviyimba</b>	Kuvyimba kw'inyama y'umubiri. Ni ukwongerekana vy'ubugwayi kw'ubunini bw'igihimba canke kuvyimba kw'igice runaka c'umubiri.
<b>Tumeur</b>	Synonyme de néoplasme, néoformation cellulaire. Anciennement, toute lésion provoquant une augmentation de volume localisée (voir tuméfaction)
<b>Ibivyimba</b>	Ni icitiranwa c'uburwayi bw'ukwiyegekaniriza kw'utaremangingo. Aho hambere, cari ico cose gishobora gutuma igice runaka c'umubiri congerekana ubunini.
<b>Ulcère</b>	Perte de substance d'un revêtement épithélial cutané ou muqueux sans tendance à la cicatrisation spontanée
<b>Igikomere</b>	Ni udukomere twaduka k'uduce tugize urukoba kandi tukagorana gukira vuba.
<b>Urticaire</b>	Affection cutanée d'étiologie souvent allergique, caractérisée par l'existence d'éléments orties, témoignant d'un œdème papillaire et souvent très prurigineux Ni ubugwayi bw'urukoba buva cane cane ku guhurirwa, burangwa n'utuntu duhanda, tuba turimwo amazi kandi tukaryana cane.
<b>Varices</b>	Dilatations permanentes des veines, accompagnées d'une altération pathologique de ses parois
<b>Ubuviyimba bw'imitsi njani</b>	Ubuviyimba bw'imitsi itwara amaraso, buba buherekejwe n'ihindana rivuye k'ubugwayi ry'imbere mw'iyoy mitsi aho amaraso aca.
<b>Vasoconstriction</b>	Diminution du calibre artériolocapillaire Ni igabanuka ry'umwanya w'umutsi aho amaraso ava mu mutima aca aja mu mubiri.
<b>Verrue</b>	Petite excroissance épidermique faisant relief sur le tégument, d'origine virale
<b>Isununu</b>	Ni akantu gatoya gakura kakarenga k'uburinganire bw'urukoba gaterwa n'umugera.
<b>Virus</b>	Microorganisme doué d'ADN ou ARN, mais sans noyau mitochondriale et ribosomes, qui peut se replier seulement dans la cellule (parasitisme cellulaire)
<b>Umugera</b>	Ni agakoko gato gatera ingwara ariko kadafise ibihimba nk'ivy'utundi dukoko dutera ingwara canke nk'ivy'utaremangingo, gashobora kwigwiza incuru nyinshi iyo kari mu karemangingo.
<b>Vitesse d'erythro-sédimentation</b>	Test clinique couramment pratiqué de grand intérêt, bien que dépourvu de toute spécificité. La vitesse est accélérée dans tous les processus infectieux ou inflammatoires dont elle est un témoin. Ni igipimo gikoreshwa cane kwa muganga kandi c'akamaro naho kitagira umwihariko gikoreshwako. Mugukoreshwa cerekezwa mu nzira zose zishobora gucamwo ubwandu canke ubundi bugwayi.